

NÒT POU LAPRÈS

VWA TRADIKTÈ A

↓

30 Janvye - 03 Me, 2015

.....

Atis yo: Sylvie Boisseau & Frank Westermeyer, Erik Bünger, Luis Camnitzer, Rainier Ganahl, Dora García, Joseph Grigely, Susan Hiller, Christoph Keller, Fabrice Samyn, Zineb Sedira, Mladen Stilinovic, Nicoline van Harskamp, Ingrid Wildi Merino

-

Konsèvatè: Martin Waldmeier
Loreya Prim Pou Jèn Konsèvatè 2014
MARCO/FRAC Lorraine/SFKM

-

Se 49 Nord 6 Est k ap ko-pwodwi
ekspozisyon sa a - FRAC Lorraine,
MARCO, Museo de Arte Contemporánea
de Vigo, ak Sogn og Fjordane
Kunstmuseum

.....

www.fraclorraine.org

Jodiya, nou jwenn trädiksyon toupatou: yon rann komès entènasyonal machandiz pi fasil, yo pèmèt gen negosyasyon ant dirijan politik, yo entèprete jounal nou gade chak jou, pèmèt komunikasyon sou entènèt ant peyi ak kontinan, epi montre nou fim ak literati etranye. Anpil nân sa nou konnen sou monn nan se gras a trädiksyon: pandan vitès ak fòs komunikasyon global ak sikilasyon ap ogmante, bezwen pou trädiksyon ap ogmante tou.

Souvan yo asosye trädiksyon ak pèt. Dayè, lèng ak kilti pa difefan fason moun di menm bagay la, men difefan fason moun wè difefan bagay. Kidonk trädiksyon pa janm vrèman egzat; yon travay difisil pou jwenn yon solisyon ant difefan ekspresyon lèzòm ki p ap janm fini. Ebyen, kijan nou kapab fè fas a lèng non sèlman tankou yon defi ak yon difikilte, men yon sous pou jwenn kreyativite ak aprann? Kijan nou kapab konprann monn nan yon fason difefan ak difefan lèng? Kijan trädiksyon ka yon aktivite kritik oswa menm revolisyone?

Tit pwojè sa a, «The Translator's Voice» (Vwa Tradiktè a), ale nan di direksyon tematik. Nan yon bò, li bay yon rezime sou ide pou fè aktivite - ak vwa - vizib trädiksyon an, ak pou kite parèt nan sèn nan tankou yon sèl sou konesans sou nati difefans nan kilti. Nan yon lòt bò, tradiktè a vin tounen yon metafò kritik pou kondisyon lengwistik mondyalizasyon ak epòk pos-kolonyal la: gran bezwen - ak lajwa, ak doulè - pou aprann lèng etranye; migran ki pale plizyè lèng ki yo vle ou pa; difefans ant lèng "global" ak kilti "lokèl"; fenomèn kilti melanje yo ak difefan "aksan" sou fason moun viv nan monn nan.

Sa vle di trädiksyon pa jis yon pwofesyon, oswa yon aktivite ankò. Li reprezante kondisyon lèzòm, epi pi souvan, nou twouwe nou menm ap jwe wòl yon tradiktè.

Martin Waldmeier
London, 14.11.2014